



Pou Piblikasyon Imedya: 13/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU DESIZYON LAKOU
SIPRÈM ETA A KI KONFIME INITE PWOTEKSYON LOKATÈ
(TENANT PROTECTION UNIT, TPU) GOUVÈNÈ A AK
REFÒM LWA SOU LWAYE YO**

“Nou te kreye Inite Pwoteksyon Lokatè a pou nou te kapab tande lokatè yo ak pran mezi estrik sou moun k ap chèche toumante ak entimide yo pou fè yo kite lakay yo. Desizyon sa a konfime kreyasyon TPU a ak lòt pwoteksyon pou lokatè administrasyon sa a akòde, sa ki yon viktwa pou plis pase 2 milyon lokatè ki gen lwaye règlemante yo nan tout New York. Fò n pa twonpe nou: Nou pral kontinye pwoteje lokatè yo ak aji agresivman kont mèt kay malonèt k ap chèche vyole dwa yo ak lalwa”.

- Ou kapab li yon kopi desizyon an [isit la](#).
- Jiskaprezan, Inite Pwoteksyon Lokatè a reyisi remèt prèske 60,000 apatman ki pat règlemante kòmsadwa epi li rekipere plis pase 3.8 milyon dola nan lwaye twò chè pou lokatè san mefyans yo gras a akò règleman ak pwosedi administratif.
- Pou plis enfòmasyon sou Inite Pwoteksyon Lokatè a, sou kijan pou w kontakte li ak pou aprann plis sou sa li akonpli, vizite www.nyshcr.org/TPU.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418